# VI. КИШИ ИСБИЛЕРМЕНЛИК (БИЗНЕС)

2020 жылдың 1 июль жағдайына дизимге алынған жәми киши исбилерменлик (бизнес) субъектлериниң саны 16719 ди қурап, өткен жылдың тийисли дәўирине салыстырғанда 2373 ке көбейди.

2020 жылдың январь-июнь айларында жалпы аймақлық өнимниң 49,4 % (2019 жылдың январь-июнында 48,8 %) киши бизнес субъектлери тәрепинен ислеп шығарылды.

- санаат өнимлери ислеп шығарыў көлеми 1516,2 млрд. сўмды (жәми санаат ислеп шығарыўдың 22,4 %) қурады; (санаат тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 2459 ди қурады).

- аўыл, тоғай ҳәм балық хожалықларының ислеп шығарылған өнимлер (көрсетилген хызметлер) көлеми 2797,2 млрд. сўмды қурап, (аўыл, тоғай ҳәм балық хожалықлары жалпы өниминиң 96,6 %) қурады; (аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 2391 қурады).

- 1689,3 млрд. сўмлық инвестициялар (улыўма инвестициялар көлеминиң 47,2 %) өзлестирилди ҳәм 2019 жылдың январь-июнына салыстырғанда 70,8 % қурады;

-1806,6 млрд. сўмлық қурылыс жумыслары (улыўма қурылыс жумыслары көлеминиң 93,6 %) орынланды ҳәм 2019 жылдың январь-июнына салыстырғанда 3,7 % асты; (қурылыс тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 2223 ти қурады).

- автомобиль транспорты жүк айланысының 8,5 % (республика жәми автомобиль транспорты жүк айланысының 90,4 %), жолаўшы айланысының болса 1,4 % (улыўма жолаўшы айланысының 90,2 %) көбейиўи тәмийинленди;(транспорт тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 836 қурады).

- усақлап сатыў товар айланысы улыўма көлеминиң 90,1 % ямаса 2975,7 млрд. сўмы (өсим пәти 0,5 %) ҳәм хызметлер улыўма көлеминиң тийисли түрде 51,9 % ямаса 1493,6 млрд. сўмы (өсим 8,1 %) қәлиплестирилди; (саўда тараўында ҳәрекет етип турған исбилерменлик субъектлери саны 4643 ти ҳәмде хызметлер тараўында 1180 ди қурады).

- 31,6 млн. АҚШ доллары (улыўма экспорт көлеминиң 18,3 %) муғдарында өнимлер (товар ҳәм хызметлер) экспорт қылынды, 55,3 млн. АҚШ доллары (улыўма импорт көлеминиң 66,2 %) көлеминде өнимлер (товар ҳәм хызметлер) импорт қылынды. (есабат дәўиринде 158 киши исбилерменлик субъектлери тәрепинен экспорт ҳәмде 266 субъектлер тәрепинен импорт операциялары әмелге асырылды).

**2020 жылдың январь-июнында өним (жумыслар, хызметлер) ислеп шығарыўда киши исбилерменлик субъектлериниң (бизнес) үлеси**

| | *Киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) көлеми, млрд.сўм* | *Киши исбилерменлик субъектлери өними (жумыслар, хызметлер) көлеминде жеке сектор үлеси, % есабында* |
|---|---|---|
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 2797,2 | 96,6 |
| Санаат | 1516,2 | 22,4 |
| Қурылыс | 1806,6 | 93,6 |
| Усақлап сатыў | 2975,7 | 90,1 |
| Жүк тасыў, *млнтн.* | 11,2 | 86,1 |
| Жолаўшы тасыў, *млн.адам* | 59,3 | 95,1 |
| Экспорт, *млн. АҚШ долл.* | 31,6 | 18,3 |
| Импорт, *млн. АҚШ долл.* | 55,3 | 66,2 |

**Жалпы аймақлық өним ҳәм экономика тараўлары өними (жумыслар, хызметлер) улыўма көлеминде киши исбилерменлик (бизнес) үлесиниң өзгериўи**

*(улыўма көлемге салыстырғанда % есабында)*



2020 жылдың январь-июнь айларында 1887 киши кәрхана ҳәм микрофирмалар (дийқан ҳәм фермер хожалықларынан тысқары) мәмлекетлик дизимнен өткреилген болып, бул өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда (2306) 81,8 % ти қуради.

Ең көп киши кәрхана ҳәм микрофирмалар саўда тараўында (барлық дизимге алынғанлардың 32,6 %), санаат (17,8 %), қурылыс (8,5 %), аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы (23,5 %), жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер (4,5 %), тасыў ҳәм сақлаў (2,3 %) ҳәмде мәлимлеме ҳәм байланыс (1,6 %) экономикалық хызмет түрлери бойынша дизимнен өткерилген.

**2020 жылдың январь-июнь айларында жаңа шөлкемлестирилген киши кәрхана ҳәм микрофирмалардың экономикалық хызмет түрлери бойынша үлеси**

*(дийқан ҳәм фермер хожалықларсыз, жәмине салыстырғанда % есабында)*



## 2020 жылдың январь-июнь айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменлик (бизнес)те санаат өнимин ислеп шығарыў көлеми




## 2020 жылдың январь-июнь айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменлик (бизнес)те усақлап сатыў товар айланысы көлеми ҳәм өсим пәтлери



Киши исбилерменлик (бизнес) субъектлери тәрепинен усақлап сатыў товар айланысы көлеминде Нөкис қаласы (739,2 млрд. сўм), Хожели (314,9 млрд. сўм) ҳәм Беруний (310,5 млрд. сўм) районлары алдыңғы қатарларда келмекте.

**2020 жылдың январь-июнь айларында қала ҳәм районлар бойынша киши исбилерменлик (бизнес)те хызмет көрсетиў көлеми ҳәм өсим пәтлери**




2020 жылдың январь-июнь айларында республика жалпы аймақлық өнимниң көлеминде киши исбилерменлик (бизнес) субъектлериниң үлеси 49,4 % ти қурап, 2019 жылдың усы дәўирине (48,8 %) салыстырғанда 0,6 процентли пунктке өсти.

Санаат ислеп шығарыў тараўының ең жоқары үлеси Мойнақ, Шоманай, Елликқала (жәми ислеп шығарыў көлемине салыстырғанда үлеси 100,0 %) ҳәм Беруний (82,9 %) районларына туўры келеди, ең төмен үлеси болса Нөкис қаласы (8,5 %) на туўры келеди.

Хызметлер тараўында район бойынша жәми хызмет көрсетиў көлеминде киши исбилерменликтиң жоқары үлеслери Қараөзек (жәми хызметлер көлемине салыстырғанда үлеси 97,7 %), Тахтакөпир (97,4 %), Қанлыкөл (97,1 %), Шоманай (96,9 %), Беруний (96,3 %), Нөкис (96,7 %), Кегейли (96,8 %) ҳәм Төрткүл (96,2 %) районларына туўры келди.

**2020 жылдың II шереги ушын экономикалық жағдады баҳалаў,**
*% есабында*




Мәмлекетлик статистика жумысларын ислеп шығарыў дәстүрине тийкарланып 2020 жыл II шерек жуўмақларына көре экономикалық хызмет түрлери бойынша жаңадан шөлкемлестирилген микрофирма ҳәм киши кәрханаларда таңлаў жолы менен үйрениўлер өткерилди.

Үйрениў мағлыўматлары анализи, респондентлердиң 38,7 % экономикалық жағдайды қолай, 45,2 % қанаатландырарлы ҳәм 16,1 % қанаатландырарсыз деп баҳаланды.

**Экономикалық жағдайдағы өзгерислердиң жақын үш айда баҳаланыўы**




Анализ нәтийжелеринен келип шығып, жаңадан шөлкемлестирилген киши кәрхана ҳәм микрофирмаларға бизнес орталығын жақсылаў ушын көрилип атырған ис-илажлар нәтийжесинде респондентлер жақын келешекте улыўма экономикалық жағдайдың жақсыланыўы жақсы баҳаланғанлығына жуўмақ етиў мүмкин.